Жылагъуэм и джэлэс

2-нэ нап.

ЛэпщыгъуитI зэпызыщIа ухуэныгъэм и ещанэ Iыхьэр яубгъэ

3-нэ нап.

Хьэщыкъуей Руслан и дыщэ медалыр

4-нэ нап.

Гъуаздджэм и кIыщ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№56 (24.650) • 2024 гъэм накъыгъэм (майм) и 16, махуэку • ТхьэмахуэМ щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

2-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ

ЩыIэкIэ-псэукIэр езыгъэфIэкIуэну Iэмалхэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм хэтхэм я гъусэу иригъэкIэкIащ щIыналъэм дяпэкIэ зэрызиужьыпхъэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ.

АБЫ ПЭУБЛЭ псалъэу **КIуэкIуэ Казбек** щыжиIащ: «УФ-м и Президентым ди къэралым 2030 гъэ пщIондэ, нэхъ убгъуауэ 2036 гъэм нэс зэрызиужьынум екъэлIауэ накъыгъэм и 7-м щыдэкIа Унафэм гурыуIэгъэ тщIащ къэралми щIыналъэ щхьэхуэхэми яIэ къаленхэр, зэлэжьыпхъэ Iуэхуэр, зыхущIэкъупхъэ зыужьыныгъэр. КъэкIуэну щIэблэм зыхэпсэукIын дуней иГэн папщIэ, ахэр Iубгъэкlуэт мыхъуну защIэщ».

Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ УФ-м и Правительствэм игъэхьэзыру къэралым игъэтын хуей зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ УФ-м и Президентым дэлажьэ Советым фокIадэм и 1-р къэмысу Iэригъэхьан хуей зэфIэгъэкIыпхъэхэр зэрызэкагъэувэр.

А лэжьыгъэ дыдэри ди щIыналъэм щоклуэкI. КъБР-м и Iэтащхьэм Зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ дэлажьэ советым хэтхэр мэлыжьыхьым и пэм тепсэлъыхьащ гулъытэ зыхуащIыпхъэхэмрэ зыхуагъэувыж къаленхэр зэрызагъэхьулIэну Iэмалхэмрэ. Мазаем щыщIэдзауэ къудамэ хэхахэр зочэнджащ. КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ 2030 гъэ пщIондэ щIыналъэм и хэхъуэр (ВРП) сом мелард 700-м нагъэсыну къалэн зэрызыщащIыжьыр, щIыхь щхьэхуэхэм я хэхъуэр псори зэхэту сом мелард 45-м нагъэсыфыну щогугъ.

А къалэнхэм дазэрылъэIэсын Iэмалрэ бгъэдыхьэпIэрэ диIэщ. ЩIыналъэм и унафэр зезыхьэхэм я мурадщ лэжьыгъэр щIагъэхуэбжьэну, хьэпшып хьэзыр къыщIэзыгъэкI Iуэхуэщ1апIэкIэр нэхъыбэ ящIыну, щIыналъэм и хэхъуэм хэлъхьэныгъэ нэхъ ин хуэзыщIыфынум тещIыхьауэ. Мэкъумэш Iэнатlэм, промышленностымрэ гидроэнергетикэмрэ я зыужьыныгъэр, щIым къыщIах хъугъуэфIыгъуэхэр нэхъ зэлIэлIапхъэу къалъытахэм хеубыдэ, нэгъуэщI мурадхэри яIэщ.

Къызэхуэсахэм гулъытэшхуэ хуащIащ туризмэм и зыужьыныгъэм епха Iуэхугъуэхэми. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу ди деж зыщызыпIпхъыныр къакIуэхэм я бжыгъэр цIыху мелуан 2,5-м нэсыну, езы къудамэм республикэм и хэхъуэм хуищI хэлъхьэныгъэр проценти 8-кIэ хэхъуэнущ. Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ: «КъэралыI и Правительствэми «Кавказ. РФ» Iуэхущ1апIэми куэд зэфIагъэкI «Эльбрус» зыгъэпсэхупIэм зиужьын папщIэ. 2024-2026 гъэхэм абы и бюджетым кьахалъхьэнущ сом мелард 14,5-рэ. «Налшык» бальнеологическэ зыгъэпсэхупIэм и Iэмалхэми зедгъэфIыну ди мурадщ, нэгъуэщI Iуэхуэхэми догупсыс».

ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэр зэрелпIымкIэ, зыхуагъэувыжа къаленхэр ягъэзащIэмэ, республикэм щыпсэухэм я гъащIэр ефIэкIуэнущ, яIэ хэхъуэри нэхъыбэ хъунущ, уеблэмэ Урысейм щызекIуэ улахуэхэм яльэщIыхьжьынурэ ящхьэдэхьыфынущ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафащ1 **Мусуков Алий** къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ 2030 гъэ пщIондэ зыхуагъэувыж къаленхэм екъэлIауэ зэфIагъэкI лэжьыгъэхэм. Республикэм и Правительствэм унэтIныгъэ 11 кIуагъэнэIуащ социальнэ зыужьыныгъэм, экономикэм, инфраструктурэм зегъэубгъуным я лэныкъуэкIэ зэфIэхын хуейуэ. Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри зэманымрэ Iуэхум ирахьэлIапхъэхэмрэ ельытауэ щагъэззэщIэфыну пIалъэм япэу тепсэлъыхьащ. Псалъэм къыдэкIуэу, цIыхухэр илъэс 80 нэхърэ мыхэхъ мащIэу псэуным дыхуэкIуэн зэрыхуейм и гугъу ящIащ. Нэхъыбэу ар ельытащ медицинэ дэIепхьуныгъэхэм зэрызэрыжьым. Республикэм къалэн зыщещIыж узынышагъэм щыкIэльплъ Iуэхущ1апIэу 40 щIэуэ ирихьэлIэу, 50 зэIуэзэпщ ищIыжьну, ахэр зэманым декIу Iэмэпсымэрэ машинэкIэ къызэригъэпэщыну. Егъэджэныгъэм и Iуэхугъэ республикэм и мурадщ сабий Iыгъыпэщ1эу 37-рэ ирихьэну, 199-рэ зэIуэзэпщ ищIыжьну. Школ псори пщэдджыжь еджэу щIын хуейщ, я щIэныгъэм хэзыгъэхьэну хуейхэм Iэмал етыпхъэщ. Къинэмыщ1ауэ къалэн зыщащIыж щэнхабзэ Iуэхущ1апIи 134-рэ яухуэну, спортым тещIыхьауэ – 84-рэ. Экономикэм и лъэныкъуэкIэ мэкъумэшхэкIыу къыщIагъэкIыр тIукIэ ягъэбгъуэну, Iэщ зехуэным зи мыльку хэзыльхьэфыну хъэрычэтыщIэкэр абы зэрытрагъэгушхуэн Iэмал къагъуэтыну, нэхъ кууэ ерыскъым елэжь технологиехэм зрагъэубгъуну я мурадщ. АдэкIи пащэнущ гъуэгу, псэупIэ инфраструктурэм зрагъэужьыным. Ильэсым и кIэм хьэзыр хъун хуейщ республикэм сыт и лъэныкъуэкIи зиужьынымкIэ зыхуигъэувыж къаленхэр къэзыгъэнаIуэ дэфтэрэкр.

КIуэкIуэ Казбек министерствэ псори къыхуриджащ езыхэр зэпхыка къэрал министерствэхэм жьыджэру ядэлажьэну, республикэм щыпсэухэр зыхуэныкъуэ псоми хуэфащэ гулъытэ хуащIыну.

«Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу Юрий Яков и къуэм сохъуэхъу жэуаплныгъэ лъагэ зыпылъ Iэнатlэм зэрытрагъэувам папщIэ. Апхуэдэуи фIыщIэ ин хузощI, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гулъытэшхуэ дапщэщи къызэрыхуищIым щхьэкIэ, - полномочнэ лыкIуэм зэрызыхуигъаз хуэхъуэм щыжеIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. – Узыншагъэ быдэ иIэну, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм и цIыхухэм яфI къызэрыкI IуэхугъуэфIхэм я жэрдэмщIакIуэу дяпэкIи щытыну ди гуапэщ».

Аргуэру дзыхь кърагъэз

УФ-м и Президент Путин Владимир къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, Чайкэ Юрий Яков и къуэр ягъэувыжащ УФ-м и Президентым Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щIэ полномочнэ лIыкIуэу.

А къулыкъур илъэси 4 блэкIам къриубыдэу къызыхуэтынщэу зэрихьащ Чайкэ Юрий, КИФЩЦ-м и социально-экономикэм и унэтIныгъэ псоми зыужьыныгъэ яригъэгъэуэту, къэралым и Iэтащхьэм щIыналъэхэм я пашэхэм яхуиГэува къалэнхэр дагъэнщэу игъэззэщIау.

Къахэхъуэхэмрэ ягъэкIуэдхэмрэ

Къэралым и щIыналъэхэм я цIыхухэр зыхуеину промышленнэ продукцэкIэ, ерыскъыкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, зыхуэныкъуэ Iуэхуэ-тхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Урысейм щынэхъыфIхэм яхьхьащ.

Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм ящыщу ди республикэм нэмыщI а гупым хэтщ Ингушымрэ Ставрополь краймрэ. Абы къыдэкIуэу, хьэпшыпым, ерыскъым трагъэкIуадэ ахьшэм и куэдагъыр маззм къурибыдэу Ингушым щынэхъ мащIэ дыдэщ.

РИА «Новости»-хъыбарегъащIэ Iэнатlэм иджыблагъэ иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, 2023 гъэм Ингушым и цIыхухэр зыхуеину промышленнэ продукцэхэр, хьэпшыпхэр, ерыскъыр къащэхун, зыхуэныкъуэ Iуэхутхьэбзэхэр зрагъэгъуэтын папщIэ ахьшэу ягъэкIуэдым и куэдагъым процент 17,2-кIэ хэхъуащ икIи абыкIэ къэралым бжьыпэр щиубыдащ.

Ставрополь краймрэ мыбдежым щыепIанэщ – процент 12,4-рэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр еянэщ – хьэпшыпхэмрэ ерыскъымрэ трагъэкIуадэм и куэдагъым процентри 10,7-кIэ хэхъуащ. ГъэщIэгъэнраери, КИФЩЦ-м щыпсэухэм зыхуэныкъуэхэм трагъэкIуадэ ахьшэм и куэдагъыр ику иту куэдкIэ къыкIэрыхуркъым къэралым и адрей щIыналъэхэм щыпсэухэм ягъэкIуэдым.

Зы маззм къриубыдэу къызэрыгъэкI цIыхум хьэпшыпхэм, ерыскъым сом мин 27-рэ трегъэкIуадэ, Iуэхутхьэбзэхэм - сом мини 8,4-рэ, шхапIэхэм – сом мин 1,6-рэ къыщIенэ. ЗэрыгурыIуэгъэщIи, а уасэхэр щIыналъэхэм фIыуэ щызэщIэхьщокI. Псалъэм папщIэ, УФ-м и къалащхьэм щыпсэуми маззм и кIуэцIкIэ сом мин 66-м зрегъэжьу. Къэралым и щIыналъи 4-м щыпсэухэр сом мин 15-кIэ «зэфIокI», нэгъуэщI щIыналъэ 11-м – сом мин 25-м фIагъэкIыркъым хьэпшыпхэм, ерыскъым, н.къ. трагъэкIуадэр.

Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм щыпсэухэм хьэпшыпхэм, ерыскъым ику иту трагъэкIуадэ ахьшэм дыщытепсэлъыхьакIэ, иджы къэдгъэлъэгъуэнщ абыхэм хэхъуэу яIэр зыхуэдизыр. Ари гъэщIэгъуэнщ. Иджырей рейтингым къызэрыхэщмкIэ, къэралым и щIыналъэхэм я ящыщу КИФЩЦ-м хьжьэ Ингушым, Шэшэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым къыщIахь улахуэм и куэдагъымкIэ иужь дыдэ итхэм яхэтщ.

Псалъэм къыдэкIуэу, хьэпшыпхэмкIэ, ерыскъымкIэ, н.къ. щIэупщIэр Ингушым щынэхъ ину щытми, хэхъуэу яIэмкIи псоми къакIэроху. Урысейм ику иту къыщIах улахуэм нэхърэ нэхъыбэ а республикэм къыщIэзыхьхэр процент бжыгъэкIэ 8,8-рэщ зэрыхъур. Шэшэнымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ – проценти 10,1-рэ, Къэрэшей-Шэрджэсым «къулейкэр» процент 11,3-рэ щохъу.

Дагъыстэным и Iуэхур абыкIэ тIэкIу нэхъыфIщ – процент 13-м я лэжьапщIэр нэхъыбэщ, къэралым ику иту къыщIах улахуэм нэхърэ. Рейтингым абыкIэ 78-нэ увыпIэр щиубыдащ. Ставрополь краймрэ – процент 14,5-м – рейтингым 75-нэ увыпIэр щиIыгъущ. Къэралым ику иту щат улахуэм елъытауэ псом нэхърэ нэхъыбэ къыщахыр Осетие Ищхьэрэ - Алание- рэ – процент 15,6-м. АбыкIэ ар 70-нэ увыпIэм щытщ.

Къэралым и щIыналъэхэм щат улахуэхэр я куэдагъкIэ щIыззтемыхуэм и щхьэусыгъуэу экспертхэм къалъытар мыращ: ищхьэрэ щIыналъэ пхыдзахэм щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэр, гъэтIылъыгъэхэр куэду къызыщIах, промышленностым фIыуэ зыщIыжьащ, абы къыхэжьыуи, улахуэр щынэхъ инщ. Аращ Ямало-Ненецкэ огругым къыщIах ахъшэр Урысей Ипщэм щыIэм нэхърэ хуэдэ зыбжанэкIэ щIэнэхъыбэр. Дауи, мэкъумэшымрэ туризмэмрэ апхуэдизэ хэхъуэ къуатыркъым, щIыналъэм, гъэпIи, гъущIым къащIэкIым ебгъапщэмэ.

ХЬэщIыкъуЕй Олег.

• Мылъку

ЩIыналъэм дыщIапашэщ

Урысейм Статистикэмкlэ и къэрал управленэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм ахъшэу къаIэрыхьэм и куэдагъым процент 18-кIэ хэхъуащ, нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм елъытауэ. АбыкIэ къэралым и щIыналъэхэм ди республикэм япэ увыпIэр щиIыгъщ.

КъБР-м къыкIэлъокIуэ Тюмень, Новосибирск областхэр, Чуваш Республикэр. Абыхэм я цIыхухэм я ахъшэ хэхъуэр процентри 10 – 11-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

Ди щIыналъэм и цIыхухэм ахъшэу къаIэрыхьэм зэрыхэхъуар зи фIыгъэр социальнэ пособиеу унагъуэхэм ират сабий ахъшэхэрщ. Нэгъабэ а Iуэхугъуэхэм хухахащ сом мелард 30. Абы нэмыщI, мыхьэнэ зиIэщ республикэм и экономикэм иужьрей илъэсхэм къигъэлъагъуэ и хэхъуэхэр, псом хуэмыдэу, мэкъумэш-промышленнэ комплексым, турист Iэнатlэм, лэжьапIэнщэхэм я бжыгъэм зэрыкIэрыху зэпытыр, цIыхухэм я улахуэм, бюджет Iэнатlэм щылажьэхэри яхэту, зэрыхэхъуэр.

КъыхэгъэщIипхъэщ, нэгъабэ уасэхэм зэрыхэхъуэм къыдэкIуэу, цIыхухэм я лэжьапщIэр процентри 6,4-кIэ нэхъыбэ зэрырхъуар. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ, бюджет Iэнатlэхэм пэрытхэм я улахуэм мы гъэм иджыри процентри 10-кIэ хухагъэхъуэнущ.

Къуажэдэсхэм я тыншыпIэм хуэщIауэ

Дзэлыкъуэ щIыналъэм цIыхуэхр куэду щIэзэхуэ щIыпIэ зэхуэмыдэу метр зэбгъуэзнатIэ мин 15-м щIигъу зэIуэзэпэщ мы гъэм щащIынущ.

АПХУЭДЭ Iуэхущ1апIэ екIуэхр мыгувэу хьэзыр щыхъунущ Шордакъ, Дзэлыкъуэдэс, Хьэбзэ къуажэхэм. ЖылэдэсхэмрэIэнущ лъэс лъагъуэ зэпэщхэр, сабий джэгуплэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр, абыхэм деж иджырей уэздыгъэхэр щыпадзэнущ, архитектурэ теплъэ дахэхэр иратынущ.

Иджыпсту а щIыпIэхэм щIыр хуагъэхьэзыр, асфальтыжьхэр тратхъунщIыкI, зэтес ящI.

Лэжьыгъэхэр зэфIэкIа нэужь, къуажэдэсхэм зыгъэпсэхупIэ тыншхэр яIэ хъунущ, щызэхуэсу, я нэгу зэщIагъэужьу, Iуэхугъуэ гуэркэри щрагъэкIуэкI хъуэ. Ар зи фIыгъэр «Жылэхэр зэIуэзэпэщ щIын» къэрал проектым а къуажэхэр зэрыхагъэхьарщ.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Ди къуэш республикэхэм

Мэзкуу щагъэлъэгъуэнущ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Москва щекIуэкI «Урысей» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-форумым накъыгъэм и 17-м утыку къыщрахьэнущ КъШР-м зыплъыхьакIуэхэр иригъэблагъэн папщIэ бгъэдэлъ зэфIэкIыр зыгъэбелджылы программэ. Ар ягъэхьэзыращ «Туризмымрэ хьэщIэхэр зэрыгъэблагъэ хабзэхэмрэ» лъэпкъ проектым тету.**

КЪЕКIУАЛIЭХЭР щагъэгъуэзэнущ щIыналъэм и турист гъэзуанэ хьэлэмэтхэм. ЦIыхухэр я щIэныгъэм щеплъыжьыфынущ сагъэтхэр щагуэш викторинэхэм, лъэпкъ кьафэхэм теухуа мастер-классхэм хэтыфынущ, апхуэдэуи кIэлъыплъыфынущ цыр зэрадж, зэрызэIущащ щIыкIэм.

ХьэщIэхэм зыIуагъэкуэнущ Къэрэшей-Шэрджэсым щагъэхьэзыра ерыскъыгъуэхэр: псалъэм папщIэ, мэзым щызэхуахьэса, фокIэ зэхэщIа къущхьэхъу шей зэмылIэужьыгъуэхэр. Программэр ягъэдэхэнущ Kavkaz Dance цIыхубэ кьафэм и артистхэм.

Унагъуэр - лъапIэныгъэщ

АДЫГЕЙ. **АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат щIыналъэм щыпсэухэм къуэхъуащ Унагъуэм и махуэмкIэ. Абы къыхигъэщхьэхукIащ цIыхум и дежкIэ унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжныгъэм, пщIэ зэхуэщIыным, зэдзэIэпыкъуным хуэдэ лъапIэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Унагъуэ быдэмрэ абы къыдекIуэкI хабзэхэмрэ ди къэралым и лъабжьащ, лъэпкъ куэду зэхэт урысей цIыхубэм, ди къэралым я тхыдэм пызыщIащ. Аращ ди Хэкум и къарумрэ пщащэгъэмрэ я лъабжьэр къыщежьэр.**

- УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ мы гъэр Унагъуэм и илъэсу зэрагъэувам нэхъри игъэбыдэн хуейщ унагъуэмрэ абы екъэлIа лъапIэныгъэхэмрэ. Ар яхуэгъэзащ адэ-анэжэм, псом хуэмыдэу бын куэд щапI унагъуэхэм я пщIэр къэIэтыным. Си фIэщ мэхъу зэгурыIуэ-зэдзэгуэжу псэу икIи гъащIэм екъулIэ унагъуэхэр нэхъыбэжу ди жьлагъуэр зэрефIакIуэр, Урысейр нэхъ быдэ икIи нэхъ пльщ зэрыхъур, - жиIащ Адыгейм и Iэтащхьэм.

Ямэ президентым теухуауэ

АБХЪАЗ. **Сыхъум къущIыпсэIуахащ Абхъазым и ямэ президент Ардзинбэ Владислав къыззралъхурэ илъэс 79-рэ зэрырикъум теухуа суурэт выставкэ. Зауэ щIыхьым и музейм щагъэлъагъуэ иджырей Абхъаз къэралыр къыззэзыгъэпэща, еджагъэшхуэ цIэрыIуэм и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуауэ ешвэм и уней архивым къыхаха суурэтхэр. Ардзинбэ и цIэр зезыхьэ музейм и щIыхьэпIэм щагъэуващ Абхъаз АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм щиунафэщIам ар лэжьапIэ зэрыкIуэу щыта «Волга» ГАЗ 2410 автомобиль.**

ЛЪЭПКЪ лIыхъужьыр щыщIалъхьа Эшерэ Ищхьэрэ къуажэм абы и къыщIэкIын деж удз гъэгъа Iэрамэхэр щызыгъэтIылъахэм яхэтащ къэралым и президент Бжание Аслъэн, вице-президент Гунбэ Бадрэ, Парламентым и унафэщI Ашубэ Лашэ, депутатхэр, жылагъуэм и лIыкIуэхэр, и благъэхэмрэ Iыхьлыхьэмрэ.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, Ардзинбэ Владислав 1990 - 2004 гъэхэм Абхъазым и президенту щытащ. Ар дунейм екIужащ 2010 гъэм накъыгъэм и 4-м.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2024 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым щIидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хьыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ1апIэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьну фыхуейлмэ - сом 897-рэ кIэпIейкIэ 96-рэ;

фэ еэым пощтым къыщыфщтэжьынымэ - сом 814-рэ кIэпIейкIэ 26-рэ.

Ди индексыр П5894

● 2024 гъэр Унагъуэм и илъэсщ

Жылагъуэм и джэлэс

Мы гъэм илъэс 30 мэхъури щыналъэ куэдым щагъэлъапIэ Унагъуэм и дунейпсо махуэр. Льэпкъ Зэгуэтхэм я Зэгуэныгъэм (ООН) хэт къэрали 193-м 2015 гъэм къыздащтащ жылагъуэм унагъуэм зыщегъэужьыным, абы исхэм лей къатемыгъэхьэным, я узынщагъэм кIэлъыплъыным, щIэныгъэ етыным, ныгъуащI унэтIныныгъэхэри къызэщIэзыубыдэ, щыналъэ псоми зэхуэдэу щагъэзэщIапхъэ къалэн нэхъыщхьэ 17-р. Эксперт цIэрыпсэхэм къызэралъытэмкIэ, унагъуэм зегъэужьыным хуэгъэпса я къалэнхэр екIуу зэфIэха хъумэ, гъашIэм, псоуныгъэм я унэтIныныгъэ куэдым зыужьыныгъэшхуэ игъуэтыныщ, сыту жыпIэмэ унагъуэр - къэралым и зы Iыхьэщ, жылагъуэм и быдапIэщ. Аращ къыщежьэр цIыхухэм яхэлъ хьэл дахэ псори: льагъуныгъэри, пщIэри, нэмысри, гумащIагъри, пэжыгъэри...

СыТ хуэдэ лъэхъэнэми дэтхэнэ къэралми и зIыхьэпэщагъэр къалъытэ абы и унагъуэ къызэрыгуэкIым иIэ псэукIэм и льагагъымкIэ, абы исхэр зыхуэй-зыхуэфIэхэр ягъуэту гъашIэм зэрыхэтыфымкIэ. Ар хьумэным къэралым гулъытэ лей хуригъэщIын папщIэ, ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1989 гъэм къыхилъхьауэ щытащ Унагъуэм и дунейпсо и илъэс гъэуэвын хуейуэ. А Iуэхум екъэлIа я гупсысхэр зэгуфъэныгъэм къыщыхалъхьэри, дунейм и къэрал псоми я унафэщIхэм унагъуэм пщIэ, гулъытэ хэха хуригъэщIын папщIэ, ООН-м 1993 гъэм нэхъ куууэ къиIэтауэ щытащ унагъуэм и Iуэхур. А илъэс быдэм япэу ягъэувауэ щытащ Унагъуэм и дунейпсо махуэр.

Урысей Федерацэр ящыщащ ООН-м къищта унафэр япэу гъэзэщIэн щIэзыдзахэм. УФ-м и Президентым 2008 гъэм къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, ди къэралым щагъэуващ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэр. Ар бадзэуэгъуэм и 8-м ягъэлъапIэ. Жылагъуэм зыщыкъубгъуу хуежьа а махуэщхьэмэ щIалэхэмрэ ящыщ я хьэгъуэлIыгъуэр бадзэуэгъуэм и 8-м трагъаухэ.

УФ-м и унафэщIхэм зэрагъэувауэ, къэралмыкъэнэ зиIэ унэтIныныгъэ нэхъыщхьэ дыдэщ унагъуэм, сабийхэм ехьэлIа Iуэхугъуэ псори. Ди къэралым унагъуэм гулъытэ гъэзэ зэрыщагъуэтым и щыкъэт нагъуэщ дызэрыт 2024 гъэр Унагъуэм и илъэсу зэрыщагъэувар, УФ-м и Президентым къыдигъэкIа унафэ щхьэхуэм ипкъ иткIэ. Ар я тегъэщIапIэу мы илъэсым къриубыдау къэралым щалэжьыпхъэ Iуэхугъэхэм я къэщыщхьэхэм ящыщ куэд хуэгъэпсауэ щытщ унагъуэхэм адэжи защIэгъэзэуэным, абы ипы фIыгъэхэр хъумэным. А Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ дапщэщи, псом хэмыдэу иужьрей илъэсхэу ди хэкур экономикэ щытыкIэ къызэрымыкIым щитым, политикэ и лъэныкъуэкIи дэкъуэзныгъэ ткIийхэм щрагъэувам.

ЖылIэнурамэ, бын зыпI унагъуэхэм ди къэралым яхуищI гулъытэм илъэс къэс хохъуэ. А унэтIныныгъэм хуолажьэ программэ щхьэхуэхэр, быныр пIыным, псэупIэ унэхэр егъэфIэкIуэным, унагъуэр зыхуей-зыхуэфIэкIэ къызэгъэпщынным, нэгъуэщIхэми хуэгъэпсауэ. Апхуэдэущ, кьалащтэмэ, бын зыгъуэт унагъуэхэм къэралым социальнэ и лъэныкъуэкIэ зэрызащIигъакъуэр. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ унагъуэр хъума хъун, зэщхьэгъэсэхэм яку псалъэмакъ мыщхьэпэхэр къыдэмыхъуэн папщIэ, сыту жыпIэмэ «фIыуэ ялъагъур я гъуэсмэ, пщыпэм щIэсми арэзыхэр» мащIэ дыдэщ, щIэблэр зыхуей-зыхуэфIкIэ къызэгъэпэщыным, гъэсэным, щIэныгъэр Iэщ-гъэр етыным епха жэуаплIныгъэр иджырей адэ-анэхэм, зэщхьэгъэсэхэм нэхъ куууэ зыхащIэри. Къинэмыщ1аэу, а дэпэпкъуныгъэхэм ирегъэфIакIуэ щIынальэхэм щыщыIэ демографие щытыкIэр, сабий зэзэгъэгъэтыну хуей унагъуэхэри абы нэхъри трегъэгушхуэ.

Ди гуапэ зэрыхъуащи, ди республикэм мы зэманым щолажь бын зиIэ унагъуэхэм социальнэ ядэIепыкъуным хуэгъэпса программэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ, кьапщтэмэ, сабийхэм зэ тыгъуэу е мазэ къэс ират пособие-хэр, гъэсапIэхэм ящIэ цIыкIухэм папщIэ ятI пщIэм щыщ процент бжыгъэ адэ-анэхэм зэрыхуэгъэкIуэжыр, бын куэд зыпI унагъэшхуэхэм псэупIэ Iуэхутхьэбзэхэм щIат пщIэм и Iыхьэ гуэрым къызэрыгъэзэжыр, республикэм и сабий гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэхэм пщIэнэшхэ бынхэр зэрыщагъэIэпыкIыр, СВО-м зи адэкэр хэт ныбжьыщIэхэри абы хэту.

Унагъуэм и илъэсыр республикэм Iэтауэ къыщыщIэуIуахауэ щытащ щIышылъэм и 24-м. мы зэманым ди щIыналъэм щокIуэкI а Iуэхум хуэгъэпса гъэлъэгъуэныгъэхэр, зэпеуэхэр, псапащIэ Iуэхуэхэр, нэгъуэщIхэри.

«Нэрылъагу къыптщоху ди къэралым и Президентым къыхилъхьа жэрдэмхэм я фIыгъэкIэ щыхуэхэм, псом япэрауэ, бын зыпI унагъуэхэм, дэIепыкъуныгъэшхуэ зэрагъэуэтыр - нэгъабэ къриубыдэу сом мелард 30-м щIигъу хухахащ, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, а махуэшхуэр къыщыщIэуахым щыгъуэ. - Унагъуэм и илъэсым къриубыдэу апхуэдэ дэIепыкъуныгъэхэм хэдгъэхъуэн хуейщ, цIыхухэм яIэ хэкъуэм, псоуныгъэм и фIагъым щIэгъэIэту». КъулыкъущIэ лъагэм и псалъэхэм къыздрихэщамкIэ, унагъуэхэм защIэгъэкъуэныжкIэ республикэм щекIуэкI къэрал политикэр хуэунэтIащ бын зыпIхэм, псом хэмыдэу бынунагъуэшхуэм, лъэныкъуэ куэдкIэ защIэгъэкъуэным. Абы епхауэ УФ-м Президентым ищIа унафэм къыщыгъэлъэгъуахэр щагъэзащIэ ди щIыналъэхэм.

КъБР-м щрагъэкIуэкI бынагъуэшхуэхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэпса Iуэхугъуэхэм ящыщщ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм хуэкIуэ захъшхэр унагъуэшхуэхэм зэрыщхьащэтыкIыр. Апхуэдэ гулъытэ нэгъабэ ягъэтащ унагъуэ 10361-м. Бын зыпI унагъуэ мин 62,3-м яIорохьэ сабий захъшхэр. Абыхэм щапI сабий мин 77,4-м щигъу. ПIэужьыгъуйблу зэщхьэщыха апхуэдэ дэIепыкъуныгъэхэм сабийр пIыным хуэщIа Iуэхугъуэ куэд къызэщIаубыдэ. А Iуэхуэхм токIуадэ сом меларди 4,7-м щIигъу. ЩIыналъэм щыщ анэ быныбIэхэм ират «Анагъэм и щIыхь» республикэ къэрал дамыгъэр. 2008 гъэ льандэр ар хуагъэфэщащ анэ 407-м. Абыхэм ящыщу 43-м бын 10 е нэхъыбэ къалъхуащ икIи гъэсэныгъэ тэмэм яIэу гъащIэм хагъэуващ. Бын куэд зиIэ унагъуэхэм я сабийхэм Iэмал яIэщ республикэм и санаторхэм зыщагъасэхуну.

«Унагъуэ зэкъуэту ущытынкIэ - ар гъащIэм уцIэфынкIэ хъуну фIыгъуэхэм я нэхъыщхьэщ. Унагъуэращ лъагъуныгъэм, нэмысым, зэхуэпэжным, адэ-анэм щIэ яхуэщIынем, щIэблэм гъуэгу етыным я лъабжьэр здэщыIэр, я къэралми жылагъуэми я тегъэщIапIэр. Унагъуэращ цIыхум дунейр къыщицIэр, зыужьыныгъэм и япэ лъэбакъуэхэр щичыр, къызэхэкIа лъэпкъым и хабзэр, щэнхабзэр щызэхихьэр, тхыдэм щыгъуазэ зыхуэщIынкIэ щыублэр, и Хэкур, унагъуэм исхэр фIыуэ илъагъун щыщIидзэр», - жиIащ ди къэралым и Президентым, унагъуэм гъащIэм щиIэ увыпIэм тепсэлъыхьу. ИпэжьпIэкIэ, дэ тщыщ дэтхэнэми ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ ди унагъуэхэр. Ауэ щыхуэкIэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэ псоми дыныбжьхуэхъу фи унагъуэхэм ирилъагъунымэрэ пэжыгъэмрэ, зэгурыIуныгъэмрэ гуапагъэмрэ хэхуэу зэпыту, щIэблэ уэнушэ къыфIащэхъуэу, фынасыпIыфIэу, мурад дахэу фиIэхэр къыяжьулIэу фыпсэуну. Дунейми ди унагъуэхэми мамырыгъэрэ зэгурыIуныгъэрэ илъыну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритъ.

ГъащIэм лъэ быдэкIэ хэт

УсакIуэ, драматург Къаныкъуэ Заринэ къущалъхуа махуэр егъэлъапIэ

ГъащIэм лъэ быдэкIэ хэт, куэд зыхуэзфIэкI цIыхум и жыджэрагъыр къырагъэлъагъуэу «гъэзгу техьэ тенэркъым» жиIэ хабзэщ адыгэм. Зытехьэ гъэзгуанэкIи, зыпэрыхьэ IуэхукIи, пщэрылъ зыщищIыж къалэнкIи пыплъхьэн щымыIэу псори тэмэму ззэзыгъэхъулIэф бзылъхугъэщ усакIуэ, тхакIуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Жан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къызэгъэпэщакIуэ икIи и унафэщI Къаныкъуэ Заринэ. И пIэ ису ищIэ литературэ, журналист лэжьыгъэм къыдэкIуэу, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшхьэ, цIыху жыджэр, щIыпIэ куэдым нэс, цIыхухэм сэбэп яхуэхъу, тхыгъэ зэдзэкIыным хуэзэкIуэкIуэ, Iуэху гъэщIэгъуэнхэм хэт Заринэ ди гуапэу дохъуэхъу и гъэзгу кIыхь хъуну, и гукъыдэжыр мыкIуэщIу дяпэкIи къызыхэкIа лъэпкъым хуэлэжьэну.

КъАНЫКЪУЭ Заринэ Сэлэдуле и пхъур Бахьсэн районым хьыхь Къыбзрун III (Дыгулыбгъуей) къуажэм 1969 гъэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетыр къиухащ. «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспонденту, «Iуащхьэмахуэ» журналым и кIуадамэм и унафэщIу лэжьащ, 2006 гъэм щыщIэдзауэ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэщ.

Заринэ сабийхэми балигъхэми адыгэбзэ дахэкIэ яхуотхэ. И усэхэр щызэхуэхьэса тхыльих къыдэкIащ: «ГъуэрыгъуапщкIуэ» (1994), «Уафэ щыгъэ» (1998), «Уэрэ сэрэ» (2008), «Тонкие связи» (2010), «Адыгэ хьэблэ» (2012), «Круговорот» (2017). Апхуэдэу нобэрей гъащIэм пэджэж пьесэ гъэщIэгъуэнхэри етх, ахэр «Сыринэ» адыгэ ныбжьыщIэ театрым егъэуэ (пьесищым къытращIыкIа спектакльэр утыку къраькIэщ). Мы гъэм «Iуащхьэмахуэ, Махуэгъэпсэ» зыфIища романыр дунейм къытехьащ, щэхуу езым къызэрызэжиащи, нэгъуэщI зыи зэман гуэнэгъум дыпэплъэ хъунущ.

УсакIуэм, тхакIуэм и джкIэ мыхьэнэ ин иIэщ и Iэдакъэщ1экIэр нэгъуэщIыбзэкIэ зэрадзэкIыным. Апхуэдэ кьайхъуIламэ, къызыхэкIа лъэпкъым и мызэгуэш, нэгъуэщIхэми абы и гуащIэр кьалъытауэ, пщIэ хуащIауэ уфж хъунущ. Заринэ и усэхэм щыщ куэд урысыбзэм иригъэзэгащ зэдзэкIакIуэ Iэзэ Яропольский Георгий, Iэщ1агъэл куэд щыхьэт зэрытехъуэщ, езы Заринэ къызэрилъытащи, фIы дыдэу.

Урысейм и ТхакIуэхэм Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм хэтщ Заринэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бзыльхъэхэм я «Жан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къызэгъэпэщакIуэ щыщ куэд урысыбзэм и Iэдакъэщ1экIэ «Круговорот поэзии» и фIэщыгъэщIэу ильэс куэд льандэрэ лажьэ литературэ Iуэхум и зэхэзфIакIуэщ. Абы хихьэу къызэрагъэпэщ «Адыгэ усэ пшыхь. Гъэм и теплъэгъуэхэр», «Чегет къыщыщджэ усэхэр», «Усыгъэр гуэл Iуфэм» зэпсэлъэныгъэхэр, илъэс къэс ирагъэкIуэкI «Рифмы на Рице» абхъаз-адыгэ литературэ фестивалыр (Абхъаз Республикэ).

Заринэ къызыхэкIа интеллигент унагъуэм хуэфащэ дыдэщ. Зоотехникыу еджа и адэр, литературэм дихьэхри, журналист хъуат, «Путь к коммунизму» рабкор газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ. «Ленинград къикIа хъыджэбз» зыфIища и романыр урысыбзэкIи (Москва, «Детская литература» тхылъ тедзапIэ, 1974 гъэ) адыгабзэкIи (Налшык, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ, 1971 гъэ) къыдэкIащ. Тхыдэм дихьэхыу щыта и дэлъху Нурхьэлий и псэ хьабзэр Абхъазым и хуитыныгъэм щIитащ. Ара къыщIэкIынщ Заринэ и гур а республикэм щыхуэмыгъуэр. И дэлъху етIуанэр адэжь лъапсэм ихьэ. Шыпхъэщ иIэщи, тIур егъэджакIуэщ, ещанэр журналисту «Адыгэ псалъэ» пызетым щылажьэащ. Шыпхъэрамэ, гъащIэм лъэ быдэкIэ хэува лъэпкъ цIыху я гъэсащ быным я гуфIэгъуэр къэзылэжьа, я гуэзвэгъуэр зышэча Сэлэдулэрэ Iэминатрэ - жэнэтыр унапIэ Тхьэм яхуищI!

Заринэ литературэми журналистикэми щызыIэрагъэхьа екъуэлIэныгъэхэр мащIэкъым. Ар мызэ-мытIэу щытекIуагъ урысейпсо зэпеуэхэм, Москвам нэгъуэщI къэралхэм я къыщызэрагъэпэщ семинархэм, зэIущIэхэм хэтащ. 2004 гъэм Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и стипендие къыхьауэ щытащ. Къаныкъуэр КъБР-м щIыхь зиIэ и журналистщ.

«Дауэ уи анэдэлъбзэкIэ зэрырытхэнур ар щIыпIэ жыжьэхэми къыщащIыхун хуэдэу?» - араща Заринэ и гупсысэр зытеухуар. А Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ Къаныкъуэм хуэзфIокI дунейр зригъэлъагъуу дэри Iэджэм дакъригъэщIыхуну.

И Iэ къызыпекIуэкI Iуэху дахэхэм я щхьэу, 2023 гъэм ар щэнейрэ дунейпсо утыку ирагъэхьащ къэралым ис лъэпкъ пщIы бжыгъэхэм я щIэкIэ. Адыгэ лъэпкъым дежкIи ар нэщэнэфIыц - ялэ ищ цIыхум иужь къиувэн къыкъуэкIынущ, дауи...

ЖыпIэнурамэ, Заринэ и къару зыхилъхьа, и зэфIэкI къыщигъэлъагъуэ Iуэхуэр апхуэдизкIэ куэд мэхъури, къеббжэкIын къудейкIи тхыгъэм къыпхуимыгъэззэгъэн хуэдизщ. Адыгэ лъэпкъым ифI зыхэлъ лъыхъуэ зэпыту псэу бзылъхугъэм иджыри мурад, хъуэпсапIэ куэд иIэщи, ди гуапэщ ахэр къехъулIэну.

ИСТЭПАН Залинэ.

● ЩIДАА

Журналым и зи чэзу къыдэкIыгъуэ

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и щIэныгъэ журналым 2024 гъэм и 1-нэ къыдэкIыгъэр дунейм къытехьащ. Абы итщ математикэмкIэ, физикэмкIэ, филологиемкIэ, экологиемкIэ, лъэныкъуэ щхьэхуэхэм я щIэныгъэ-лIыкIэ зэрыщагъэсэн щIэныгъэлIхэм я тхыгъэ куп щIафIэу ди щIэныгъэлIхэм ягъэхьэзырахэр.

ФИЗИКЭМ техуэуэ тхыгъэ гъэщIэгъуэнщ. ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием математикэмрэ автоматизацэмкIэ КъБР-м щIиэ институтым и унафэщIым и къуэдзэ, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Рехвиашвили Серго игъэжьхэзырар. «Нэрылъагу пкъыIупэ зимыIэ вагъуэкуэщI шыхьан и джэрэзыкIэм» тетхыкъ щIэныгъэлIым и тхыгъэр афIэгъэщIэгъуэныгъуэ хъэршым зи лэжьыгъэр епха псоми.

КъБКъУ-м и профессор, химие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Мыкъуэжь Радинэрэ ящIыгъуу химие къхэутэныгъэмкIэ тхыгъэм хлэжьыкIыр. Йемен уэнушэрыгъэ и щIэныгъэлIхэм я профессор Курадэ Мохаммед Мансурэ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор Катхан Абдулкадер Мокбель Фарханрэ. Абыхэм шэгъэфIэIу удэым (щавель) наночастицэ къыхьащIыкIыну яужь ихьаш. Дызэрыщыгъуаэзщи, иужьрей зэманым наночастицэхэр медицинэм хуабжьу къыщагъэсэбэп икIи Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и щIэныгъэлIэр ильэс куэд щIауэ жыджэру холэжьыхь а Iуэхум. Мы зы гъуэгу абыхэм къагъэсэбэпащ дыжьыным и сульфатымрэ шэгъэфIэным и лъэхъыщыыр. Апхуэдэ щыкIэкIэ къахута наночастицэхэр медицинэм къыщыщхьэпэ, зэгъщ икIи щыщуэпсым ей ирихьыркъым.

Псыгъэ зыифэмыфI, къымым хуиту щыкI къэкIыгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъуэта зэхуэдэ щIадаа-м и филологиемкIэ и къудамэм и унафэщI БакIуу Хьанджэрий.

Мейкъуапэ къэрал технологие университетым экономикэмрэ сервисымкIэ и щIэныгъэрылажьэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик ХъуакIуэ ФатIимэт тотхыхь тхакIуэ Къандур Мухьадин и творчествэм. Ильэс 85-р ирихьыкIыу 2023 гъэм дунейм ехьажа адыгэлI цIэрыIуэм и гъащIэмрэ Iэдакъэщ1экIэхэмрэ ирипльэкIэ, ХъуакIуэм едж Къандурыр дунейм ехьыжыу зытетхыхьа Iуэхугъуэхэмрэ ахэр къиIэтыным щхьэусыгъуэ хуэхъуамрэ.

1871 - 1918 гъэхэм мыльку, щIэин зэгурымыIуэныгъэхэр Кубань, Тэрч областхэм зэрыщызэхагъэкIыу щытам и гугъу ещI КъБКъУ-м и тхыдэ кьудамэм и аспирантурэм щIэс Хьэгъэжей Мырбэ. Тхыдэджыр зытепсэлъыхь Iуэхугъуэр нэгъэсауэ зэпкърихын папщIэ Екатеринград, Мейкъуапэ, Хасавюрт, Грозный, Веденскэ, Шаговскэ, Налшык, Нэзран, Тэрч бгырыс хеящIэхэм я дэфтэрхэр къиэтыжащ, ахэр зэрыубзыхуар, гу нэхъ зыIыпытапхъэхэр, зэщхьу яхэлъхэр иджащ.

Журналым ыкIытехуа тхыгъэхэмкIэ академием и къэхъэкIыныгъэ бжыгъэ дахэ зэрырикуар зыгъэпсэлIэн хэу биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик Тембот ФатIимэтрэ математик цIэрыIуэ, нобэ-рей щIэныгъэр япэкIэ кIуэтэныкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэзыха, ЩIДАА-м и академик Асхьэбэ СультIанрэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

АхъшэкIэ зэрагъэзэкIуэжыр

КъэхъукъащIэ шынагъуэхэм я зэранкIэ цIыхухэм ягъуэта хэщIыныгъэхэм пэкIуэж ахъшэкIэ къэралым зэрызащIигакъуэ щыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну унафэ ищIащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

- АХЪШЭР зыпэкIуэж мылъкур зыхуэдэр щыгъэбелджыла дэфтэр щыIэщ - псалъэм папщIэ, сом мини 100 е мин 50 хуэдиз техьэу иратыжу. Ауэ ар цIыхум къыIэрыихьэкIыныр елъытащ фIэкIуэда мылъкур гъэбелджылаэу щыIэм зэрызыиубыдэм. Сэ ар сфIэтэмэкъым икIи зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн умейуэ къэзылэтыгъ, - жиIащ УФ-м и Президентым, псыдзэм кьрикIуэр гъэкIуэдыжьыным епха Iуэхуэхэм щытепсэлъыхьа зэIущIэр щиригъэкIуэкIым.

Абы къыхиГэщащ зэрызыщIагъакъуэ ахъшэр яфIэкIуэда сыт хуэдэ мылъкуми пэкIуэжкIэ зэрызыкIр. «ЗэрыжьыщIэ машинэр хиубыдэрэ абы ьхэмэрэ? - жаIэу сыт щIэгупсысэн хуейр цIыхур?! Ахъшэ къыщIратыжьын хуейм псори хьыхьэу щIыпхъэщ. Апхуэдэуи къэхъуэкIащIэ шынагъуэ хуэмыжьхъуэм дежи абы хиубыда унагъуэхэм я сабийхэр зыгъэпсэхуакIуэ дгъакIуэ ди хабзэщи, накIыгъэ мазэхщхэхэм я лэжьыгъэр тэмэму къызэдгъэпэщын хуейщ, - жиIащ къэралым и пашэм.

Апхуэдэуи Путин Владимир къыхигъэщащ жьыкIэфэкIэхэри гулъытэншэ яIэ зэрымыкъунур. «Псыдзэ кьащIыхьэ нэхъыбэ быдзу ди дэIепыкъуныгъэ хуэныкъуэр зи ныбжь хэкIуэтахэрщ, ауэ зэпымыуу щIопсэу щIипIэ зэралэм якъыкIыу, ахъшэ зратыж цIыху щхьэхуэхэм ахэр хиубыдэркъым. Мы Iуэхум хэпльэжьыпхъэщ, ветеранхэмрэ пенсэм щыхсэмрэ гулъытэншэу къэмынэн папщIэ», - дыщIигъуащ абы.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Дунейм щыхъыбархэр

Урысейм Китаймрэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир жиIащ Москварэ Пекингрэ щэнхабзэм теухуауэ зэрызэдгалажьэ щыкIэм зэрызрагъэужьынур, абы и лъэныкъуэкIэ къэралитIми къыхалъхьэ жэрдэмхэр зэдагъэзэщIыным зэрызэувалIэр. Апхуэдэ зы Iуэхугъуэщ иджыпсту зи ужь ихьэну загъэхьэзырыр: уэрэд цIэрыIуэхэмкIэ «Интервидение» дунейпсо зэпеуэ зэхэшэныр.

ПУТИН Владимир «Xinhua» китай хьыбарегъэщIэ агентствэм ирита интервьюм къыщыхигъэщащ Урысеймрэ Китаймрэ зыужьыныгъэм хуэщхьэпэн IуэхугъэщIэхэр зэрырагъэжьэнур. «Апхуэдэ проектхэм яIэщ зыщ «Интервидение» дунейпсо зэпеуэр. Ар уэрэмтIауэ щытынущ льэпкъ макъамэ хабзэхэм зегъэужьыным, ахэр дунейпсо утыку ихьэным. Абы и лъэныкъуэкIэ Урысеймри Китаймри зэфIэкI хъарзынэхэр диIэщ», - жиIащ УФ-м и Президентым.

Мамырыгъэм хуэкIуэжьипхъэщ

Чехием и президент Павел Петр «Sky News» телеканалым ирита интервьюм щыжиIащ Украинэм и щIыналъэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэкар зэтегъэувыIэн зэрыхуейр, зэныкъуэкъуэ мамырыгъэм хуэзыгъэкIуэн зэпсэлъэныгъэхэм зэрыщIадзапхъэр.

АБЫ кьелъытэ Урысейм и нэIэм щIигъэувэжа щыналъэхэр Украинэм и зэм къизэужьыфынкIэ щыIэ гугъэр щхьэзэпщIэжу. «Пэжыр жыгIэфу, тхузэфIэкIыныр къыдгурыIуэжу дыщытыпхъэщ», - жиIащ Чехием и президентым.

Павел Петр и гугъу ищIащ НАТО-м и дзэхэр Украинэм игъэкIыжкIэ щыIэ псалъэмакъэмэ. Абы жиIам къызэрыхэщамкIэ, зэгухьэныгъэм апхуэдэ мурад иIэкъым, армырамэ, Урысеймрэ НАТО-мрэ я дзэхэр зэпэщIэувэну араущи, абы пхуымыгъэззэкIуэжьи щытыкIэ щынагъуэм зэрыхуишэнри гурыIуэгъуэщ.

Нобэ

♦**Биографхэм я махуэщ**

♦**1954 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ украин тхакIуэ Вовчок Марко и фэрэпIэ.

♦**1808 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхыдэдж, этнограф, тхакIуэ **Хъан-Джрий Султан**.

♦**1917 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артистку **Щхьэгъэпсо Таужан.**

♦**1957 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и экономист **Къалэ Замир**.

♦**1961 гъэм** къалъхуащ ужьыл, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Бэрокъуэ Хьэсэн-Алий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщыщхьынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 12, жэщым градуси 7 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэзщ.

ЩIэныгъэр къыхех

Республикэм иIэщ хэлъэт зиIэ, щIэныгъэм дихьэх, иджырей технологиехэм я пIалъэр зыщIэ, интернетым и Iэмалхэр къэзыгъэсэбэпыф, цIыхубэм къахуущхьэпэн IуэхуфIхэм зезыпщытыф, жыпIэнурамэ, зэманым декIу щIалэгъуалэ жан. Абыхэм ящыщщ сабий зэчиифIэхэм папщIэ Налшык дэт «ДыгъафIэ къалэ» лицейм и 11-нэ классым щеджэ Щоджэн Дианэ. Медицинэ IэмэпсымэщIэ къыгупысащ икIи абы и патент къыдихауэ, дэфтэрхэр мыгувэу къыIэрыихьэжьынущ пащащэм. Медицинэ нэкIуIупхъэм (маскэм) бактерие зымыгъакIуэ Iэмэпсымэр зэушагъэр хъумэныкIэ къэсэбэпынущ. Дианэ проектым елэжьащ и егъэджакIуэ КIуащ Валентинэ дэщIыгъуу. Абы «Къуаф1э къалэм» химиер щрегъэдж, «Наноквантум» лабораторэм и лэжьакIуэщ.

ДИАНЭ илъэсищкIэ елэжьащ антисептик зэрыт медицинэ маскэм. НэкIуIупхъэ къыгупсысыну игу къэкIащ дунейр уз зэрыщIалэм щиугьбыдам щыгъуэ. И щIэныгъэ унафэщIыр къыдэIэпыкъуурэ, абы кьихутащ бактериемэ пщIэт антисептик зэрыпкIэ Iэмэпсымэ зэрызэбгъэпэщ Iуэхуну щыкIэр, ар маскэм зэрыхэбгъэувэну Iэмалыр. Дианэ зэрыщIыкIуэр медицинэр и пIалъэщ икIи «ДыгъафIэ къалэм» щыкIуэм щыгъуэ къыхихауэ щытащ химиемрэ биологиемрэ хуеджэныр. Пщащэр республикэ, урысейпсо мыхьэнэ зиIэ зэпеуэхэм, олимпиадэхэм щIэхщIэхыуэр зэпсэлъмэ зэрызэбгъэпэщ текIуэныгъэхэмрэ и Iэрылъхьэу. Абы хэм ящIыщIу илъэсищкIэ зэкIэлъхьужьу зыхэта «Большие вызовы» урысейпсо зэпеуэр. Ар щIэныгъэ лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкI студентхэмрэ класс нэхъыжьхэм щеджэ школакIуэхэмрэ папщIэ къызэрагъэпэща Iуэхуу, «Сириус» егъэджэныгъэ центрым щокIуэкI, нэхъыщхьэу технологие проектхэм теухуащ. ЩIалэгъуалэр щIэныгъэм нэхъри дегъэхъэхьынымкIэ, зэфIэкI зиIэхэр къэхутэныкIэ сэбэпщ. Зэпеуэм Дианэ къыщигъэлъэгъуат езым къигупсыса медицинэ маскэм теуха гъэжьыгъэр. 2022 гъэм абы екъулIэныгъэ къыщихьащ. Мы гъэми щытекIуащ зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм.

«Старт науке - 2022» дунейпсо щIэныгъэ-къахутэныгъэ зэпеуэми хэтащ Щоджэн Дианэ КъБР-мрэ гуфIэгъуэ щIыналъэхэмрэ узыщIихьэлIэ дзыгъэнэфхэм я зэхэлъыщIэныгъэ. 2022 гъэм абы екъулIэныгъэ къыщихьащ. Мы гъэми щытекIуащ зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм.

Щоджэн Дианэ иджыри иIэщ щутовидно железам зэрелъэз зы лэжьыгъэ зэхьэлэмэт. Щитовидно железар тэмэму лэжьыным сэбэп хуэхъу хуиме пкъыгъуэхэр хэлъу кьахутащ Тэрч щIыналъэм щджэх псым. Псым нэгъуэщI пкъыгъуэхэри щIыбгъуу хущхъуэ зэхэплъхъэ зэрыхъур игъэбелджылащ ныбжьыщIэм.

Щащащэр иджы йолэжь ерыскъыпхъэхэр илъэхъуэ къэбгъэсэбэп хъуну, щIыуэпсым и дежкIэ зэран зыпымыль полимер къэгупсысыным.

Мы гъэм 11-нэ классыр къэзыух ныбжьыщIэ набдзэгубдзапIэм мурадхэр и куэдщ. Абы и гъащIэр ирипхыну хуейщ медицинэмрэ щIэныгъэмрэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ЛэжьапIэншэхэр нэхъ мащIэ мэхъу

Промышленностым и лэжьакIуэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я урысей зэгухьэныгъэм и зэхуэсу иджыблагъэ екIуэкIам УФ-м и Президент Путин Владимир щыжиIащ къэралым лэжьапIэншагъэр процент 3-м зэрыщынэмысыр, абы и бжыгъэр щIалэгъуалэм я дежи нэхъ мащIэ зэрыщыхъуар.

«УРЫСЕЙМ лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр зэи апхуэдэу мащIэу щыщIаткъым - мы зэманым ар процентищ ирикъуркъым. Псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ зиIэр лэжьапIэншэу щыс щIалэгъуалэм я бжыгъэм зэрыхэщIарщ», - къыхегъэщ УФ-м и Президентым.

КъыщынэмыщIауэ, Путиным жиIащ къэралым и экономикэмрэ цIыхухэм я щIыкIэ-псэукIэр зыхуэдэнри щIэзыубыдэ Iуэхуэр ирагъэфIэкIуэну къаззэрыпэщылъыр. Абы дыщIигъуащ промышленностыр егъэфIэкIуэн зэрыхуейри бжыгъэ Iэмалхэм зэрызрагъэужьынымрэ.

Къыхэзгъэщыпхъэщ, блэкIа ильэсым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыщыхъуар (2022 гъэм елъытауэ). ЦIыху мини 3-м нэблагъэ лэжьапIэ уващ республикэм Цыхухэр Iэнатlкlэ къыззэрыпэщылъхьэ.

Социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр зэгъэзэхуэныкIэ Iуэхущапlэ зэмылIэужьыкIыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт комиссэм и зэIущIэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьауэ щытащ цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэрызэрагъэпэщым, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм лагерхэр зэрыхуэгъэхьэзырым екъэлIа хабзэхэм къыщыгъэльэгъуахэр зэрагъэзащIэм, Украинэм щIыналъэм дзэ

МыкIуэдыжа закъуэтIакъуэхэм дращапхъэщ

Налшык щыщ, и доктор диссертацэм епха къэхутэныгъэхэр мы зэманым Абхъаз Республикэм щезыгъэкIуэкI тхыдэдж Мэрзей Аслъэнбэч Сыхъум щылажьэ «Лъэпкъым и дамэжэр» каналым ирита интервьюм щытепсэлъыхьащ абхъазадигъэхэм я блэкIа жыжьэм. ЩIэныгъэлIым и фIыгъэкIэ, иджыри къэс зи кIапэлъапэ зэхэтха хуэгъэфэщэныгъэхэм я пэжыр здыныэри къэтщIащ.

ТХЫДЭ тегъэщIапIэ уиIэу, абхъаз-адыгэхэм я къэжьапIэм нэхъ ущытепсэлъыхьыфынур дыкъыдэхтехьукIахэм «мэуэт-синдикIэ» щеджэу щыта лъэхъэнэм щегъэжьауэ, Мэрзейр зэрелпъымкIэ. Сыту жыпIэмэ, пщIэ зыхуэфащэ тхылъхэм япэу узыщIихьэлIэр а фIэщыгъэхэр. Апхуэдэжэм я щапхъэщ, псальэм папщIэ, археологие къэхутэныгъэхэр щыхьэт зытехьужэ пасэрей урым щэнхабзэм кьыщIэна тхыгъэхэр. Ауэ абхъаз-адыгэхэм щIэныгъэр къемыжьэ щIыкIэ къыззадгэщIа тхыдэ Iыхьи пIэщ, нэгъуэщI цIэ зэрахьэу, нэгъуэщI щIыпIэкэмкI зэрыщIипсэуар уи фIэщ ящIу. Апхуэдэщ XX лIэщIыгъуэм къагъуэтыжа Хьет къэралыгъуэм и пащтыхь архивыр. Нобэр къыздэсым а зэманыр ди эрэм ипэкIэ III лIэщIыгъуэм ухахьу щыта щыхьэкIэ, иджы кIэжьа радиокIэ къэхутакIуэ Iэмэпсымэхэм я фIыгъэкIэ наIуэ къэхъуад а Iужьугъэхэр лIэщIыгъуитIкIэ нэхъ пасэу зэрекIуэкIар. НэгъуэщIу жыпIэмэ, абхъаз-адыгэхэр, абазинхэр, убыххэр ди щIыпIэм тетхьужа пасэрей лъэпкъыжьыр ди эрэм ипэкIэ V лIэщIыгъуэм нэс мэлэбэ. А зэман дыдэрщ щыпсэуар адрейхэм нэхърэ нэхъ пасэу цивилизацэ зыгъэува щумерхэрэ. А псом кIыкIраци, абхъаз-адыгэхэмрэ щумерхэмрэ зэлъэхъэ нэгъуэщ.

- Иджырей Тыркум ныбжьыпIэ щIэхъуэм ятIэ пхъэбгъуэм тету пасэрей кэрэралгъуэм и къэрал дэфтэрхэр XX лIэщIыгъуэм и 40 гъэхэм кIыщагъуэтыжауэ щытащ, - дигу кьеГъэжьыж Мэрзейм. - Ахэр зэрытхар индо-европеибзэу къыщIэкIащ, «неситхэм я бзэ» хужаIэ абы иджыри. Ауэ я щыхьэрым зэрреджэр Хьэттуэт, езы къэралым и цIыхухэм «Хьэт къэралым щыщхэр» зыхужаIэжырт. ЩIэныгъэлIхэм а къагъуэта щэнхабзэщIэм «хьет цивилизацэ» фIащыгъащ. АрщхьэкIэ зэман докIри, абдежым кьыщагъуэтыжа ятIэ пхъэбгъуэм бзитIкIэ ятха дэфтэрхэр яхэлъу кьыщIокI. Язынныкъуэ тхылъэхэр индоевропей лъабжьэ зиIэ, зи гугъу тщIа хьет-неситыбзэмкIэ тхат, адрейхэр – ямыцIыху бзэ гуэркIэ. Ялрей бзэм кьеджа Гроэный Бедржихэр адрей щIэныгъэлIхэмрэ къыкъуэкIыжа «бзэщIэр» яджа нэужь, ар Кавказ Ищхъэрэмрэ Курытымрэ щызекIуэжам я благъэу кьыщIэкIащ. ЗэрыкуагъэфащэмкIэ, ди лъабжьэр зэгитх хьэтхэм индоевропеибзэкIэ псальэ лъэпкъышхуэ гуэр зы зэман къахьихьэри, бжыгъэкIэ зэрынэхъыбзэм кьыхэкIыу, хэкурыхэр ирагъэкIуэтащ. Ауэ езы хэгъэгум и бзэр дэфтэрхэм, дин хуэIухуэщIэхэм я кьыщагъэсэбэпу кьэнати, арат къэрал дэфтэрхэр бзитIкIэ щIатхар.

А къэхутэныгъэхэм ипэ хьэтхэр Азие ЦIыкIум кьиIэпхуэкIыу, Кавказ Курытымрэ ИщхъэрэмкIэ къэкIуэтахэм я кьыгъэу щытащ, домбекъэ лъэхъэнэм зэфIэува «Мейкьуапэ цивилизацэ» жыхуаIэ щэнхабзэ лъагэр кьыздахьу. Иджы щIэныгъэлIхэм хуагъэфащэ а пасэрей абхъаз-адыгэбзэкIэ, хьэтыбзэкIэ псальэу щыта лъэпкъыжьыр Азие ЦIыкIуми хы ФIыцIэ Iуфитlми зы зэманым кьурыбидэу щыпсэууэ. Ахьэтхэм я ищхъэрэкIэ иджыри «кашкэхэр» жаIэри я благъэ лъэпкъ щыIащ. Ауэ ахьэтхэм абыхэм нэхъ псынщIэу зауэныну Iэмал яIащ, кьэралыгъуэ, пащтыхыгъуэ, тхыгъэ нэхъ пасэу зэрагъэутам кьыхэкIыу. Кашкэхэр «дзэм егъэщIылIа демократие» жыхуаIэ зыужьынагъэм нэсауэ арат. Иужьк1э адыгэхэм ягъэтыжа «касог» цIэр а «кашкэхэм» зэреджэу щытам ирапх.

Асльэнбэч зэрыжиIэмкIэ, мы хуэгъэфащэныгъэхэр зэрыпэжым я щыхьэту кьоув Мейкьуапэ и Iэгъуэблагъэм кьыщагъуэта кхъэльапхэхэм кьыщIахыжа хьэпшыпхэр. «Мейкьуапэ цивилизацэ» жыхуаIэ щэнхабзэр 1897 гъэм Санкт-Петербург университетым щыщI Веселовский Николайиц кьыз1ухыжар. Мейкьуапэ деж пщыуэ е пащтыхьу щытауэ зыхуагъэфащэ цIыхушхуэ гуэр щыщIалъхьауэ кьиухуа иужь. МетрипщI зи лъагагъ кьэлъапхэм езы пщымрэ абы и щхьэгъусэу щытауэ зыхуагъэфащэ цIыхубзитIымрэ нэмыщI, хьэпшыпп 1500-м щIигъу кьыщыщIахат. Псом хуэмыдэу къэхутакIуэхэм я гулъытэр ихьэхуат зэман кIыхькIэ щэтырхэм я щIэгъэкъуэну щытауэ кьафIащIа, дыщэмрэ дыжьымрэ кьыкьыщIыкIа, ВыцIыкIу гъэщIэрэщIаэр кьыз1ыхэIущIыкIа бжьамий цIыкIуи 8-м. Иджырей къэхутэныгъэ Iэмалхэм я фIыгъэкIэ, абыхэм, япэрауэ, ерыскьыкъэкI гуэр зэракIэрыпльыр кьыщIэщащ. ЕтIуанэрауэ, апхуэдэ дыдэ ткIуаткIуэ лIэужьыгъуэ шумерхэм дежи кьащыIэрыхьауэ зэрыщIтар кьащIэжа нэужь, нэхъапэIуэкIэ зэрагъэуIуэ хуэгъэфащэныгъэ псори лъэпкъэжащ. Шумерхэм тхьэрпщIэлIыкIэ Iэмал щхьэхуэхэр яIэт, жаIэ, ар зэфIэкIа нэужь, махъсыжмэ ещхь гуэр трафыкьыжу. Абы и кIытэ дыджир жьэ кIуэщIым мыкIуэн папщIэ кьагъэщхьэпэу арат щыбзэ хуэдэу а махъсыжмэр зэрыраф бжьамий цIыкIухэр. Мейкьуапэ деж кьыщагъэтыжахэми шумерхэм кьащIэна я хьэкъуащIыкъухэми зэщцыу якIэрылът а махъсыжэкI лIэужьыгъуэхэр кьоз1ыгъэщIыкъэ пкъэгъуэхэр. Абы кьиIэрати, Мейкьуапэ цивилизацэр зэрагугъам нэхърэ зэрынэхъ пасэреиежьым, дунейм япэу зыщцызыбгъуа шумер цивилизацэм зэрилъэхъэнэгъуэм щэч хэмылъыж хьауэ. Пэжыр жыпIэмэ, апхуэдэ хуэгъэфащэныгъэхэр Инджылым кьыхэщцыж Ибрахьим бегъымбарым епха хьыбархэми уагъэщIырт. Иджы тхыдэ къэхутэныгъэхэмэ я Iужьум теухуауэ гуитIщыхитыгъэ кьыпхуагъаз нэрхьым, сыту жыпIэмэ, Ибрэхьим лъапIэр шумерхэм я кьалащхьэУр зэрыщIепсуар кьызыхэщ тхыгъэхэр мащIэкъым.

- Хэти зэрищIэщи, тхыдэ къэхутэныгъэхэр зэи я пIэ иткьым, - чэнджэщ къыдет Мэрзейм. - Араши, мыпхуэдэущ зэрыпсуар жыпIэу, зыри ткIийуэ умыукъуэдиймэ, нэхъыбфIщ. Хьэтыбзэр абхъаз-адыгэбзэм зэрещхьыр зэхэкIа нэужь, «зэгъэпщынагъэ бзэ щIэныгъэ» къудамэр къыззыгъэпхуэ щIэныгъэлIу Иванов Георгий, хьэтыдж Ардзинбэ Владислав, бзэ 200-м нэс зыщIэу щыта Старостин Сергей, хамэ къэрал щIэныгъэлIхэм ящыщу Камменчуйбер Аннелиз сымэ абы щыхьэт тепэщ

Гъуазджэм и кІыщ

Тэрч къалэм Гъуазджэхэмкіэ и сабий школыр 2020 гъэм къызыхэтынышэу эзрагъэпэщыжащ, «Щэнхабзэ» лъэпкъ Іуэхум хыхьэу. Къуэн Іэсиет зи унафэщІ Іуэхущіапіэм и егъэджакіуэхэрэр сабийхэмрэ я ехъулІэныгъэхэм къаралми щІынальэми мызэ-мытІэу гу къыщылъатащ. Гъуазджэхэм я кІыщыр къызэрызэІуахрэ мы гъэм илъэс 65-рэ ирокъу.

ЗИ тхыдэр 1959 гъэм кІыщежъ, къалэр зыгъэдахэ гъуазджэ Іуэхущіапіэр сыт и лъэныкъуэкіи къызэрэпэщ иджырей еджапІэхэм ящыщщ. Фигу къэдгъэкІыжынщи, Іуэхущіапіэр 2017 гъэм щытекІуащ «50 лучших детских школ искусств» урысейпсо зэпеуэм. Ар я фІыгъэщ КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, мы школым и унафэщІ къалэныр илъэс 40-кІэ ешхьэкІа, фортепианэмкІэ егъэджакІуэ Чалая Татьянэ, егъэджакІуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ.

УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэр я дэІэпыкъуэгъуу ирагъэкІуэкІ «50 лучших детских школ искусств» урысейпсо зэпеуэр щыщщ «Одарённые дети и молодёжь» Іуэхум. Абы хохьэ «Молодые дарования России», «Лучший преподаватель детской школы искусств» урысейпсо зэпеуэхэри. А зэпеуэхэм илъэс зэхуэмыдзэхэм щытекІуащ Тэрч къалэм Гъуазджэхэмкіэ и сабий школым и унафэщІ къалэныр ящыщщ. Фигу къэдгъэкІыжынщи, Іуэхущіапіэр 2017 гъэм щытекІуащ «50 лучших детских школ искусств» урысейпсо зэпеуэм. Ар я фІыгъэщ КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, мы школым и унафэщІ къалэныр илъэс 40-кІэ ешхьэкІа, фортепианэмкІэ егъэджакІуэ Чалая Татьянэ, егъэджакІуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ.

УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэр я дэІэпыкъуэгъуу ирагъэкІуэкІ «50 лучших детских школ искусств» урысейпсо зэпеуэр щыщщ «Одарённые дети и молодёжь» Іуэхум. Абы хохьэ «Молодые дарования России», «Лучший преподаватель детской школы искусств» урысейпсо зэпеуэхэри. А зэпеуэхэм илъэс зэхуэмыдзэхэм щытекІуащ Тэрч къалэм Гъуазджэхэмкіэ и сабий школым и унафэщІ къалэныр илъэс 40-кІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, школым щІыхьэ Іэмэпсымэхэмкіэ и къудамэм и егъэджакІуэ ЗэрамыщІэ Заретэ. Щэрыб Валерэрэ ЗэрамыщІэ Заретэрэ илъэс зэхуэмыдзэхэм щытекІуащ «Лучший преподаватель школы искусств» урысейпсо зэпеуэм. «Молодые дарования России» зэхьэзэхуэри пашэ щыхьащ школым и гъэсэн-хэу Марыщ Диана, Тымыжь Анзор, Тет Аскэр, Апажэ Аслъэн, Багъэтыр Фаинэ, Тэрчокъуэ Алимбэч, Мамий Исльам сымэ.

Тэрч къалэм 1959 гъэм кІыщызэІуаха Музыкэ сабий школым фортепианэмрэ баянымкІэ зэрыщрагъаджэр. Абыхэм щІэупщІэшхуэ яІэти, екІуаІэ сабийхэм я бжыгъэм къыхэхъуэ хъури, 1984 гъэм щыщхэуІум къалэкум ухуэныгъэ щхьэхуэ къыщратащ. Нэхъ иужьыдэкІэ, 2001 гъэм, къатищу зэтет Іуэхущіапіэм и ещанэ къатым къыщызэІуахащ щІыхьэ Іэмэпсымэхэмкіэ къудамэ. 2003 гъэм щыщхьэуІум къатищри школым ей хъуащ. 2009 гъэм Іуэхущіапіэр Гъуазджэхэмкіэ сабий школу зэрахъуэкІыжащ, музыкэ къудамэм сурэтыщІ гъуазджэмрэ (2005 гъэ), къафэ гъуазджэмкІэ (2008 гъэ) къудамэхэр къыщыхагъэхьэжьащ.

ГъуазджэхэмкІэ сабий школым иджыпсту ныбжьыщІэ 500-м щІигъу йокІуаІэ. Ахэр хуагъасэ фортепианэ, цыхьэбэ Іэмэпсымэхэм, хорым хэту уэрэд жьІэным, къэфэным, сурэт щІыным. Абы кІыщІагъэкІ ныбжьыщІэхэм я щІэныгъэм щыпащэ Налшык, Ставрополь, Дон Іус Ростов, Владикавказ, Сочэ, Краснодар, Санкт-Петербург, Москва къалэхэм я гъуаздж, щэнхабзэ еджапІэхэм. Иужьрей илъэсищым къэпщтэмэ, школыр къэзыуха цыху 30-м нэблагъэ апхуэдэ еджапІэхэм щІэтІысхьащ. Ахэр республикэм и Сабий музыкэ школхэмрэ Гъуазджэмкіэ сабий школхэмрэ щолажьэ. Язныкъуэхэм я школ дыдэм ирагъэблагъэжурэ щагъэзэж щыІэщ. Апхуэдэщ Замбур Маринэ, Мэшылі Еленэ, Къэрэшей Татьянэ, Бухъур ФатІимэ, Ашур Ларисэ, Тхьэилі Анджелэ, Мэкъэней Кариндэ, Темрокъуэ Зухра, Ирыгу ФатІимэ, Токъу Ириндэ, Саркисовэ Марианнэ, Абазэ Мадинэ.

Сурэтыщі гъуазджэмкІэ школым и къудамэми егъэджакІуэ Іэкіуэлъакіуэхэр щолажьэ. Абы я гъэсэнхэр урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм пашэ щохъу. Абы и щыхьэтщ сурэтыщІ гъуазджэхэмкІэ «Антарес» егъэджэныгъэ центрым Гъуо Алихьанрэ Такъ Адиссэрэ зэрырагъэблагъар. «Творческие вершины» урысейпсо Іуэхум хэтащ Пщыгъуэш Салим. Концертмейстер ныбжьыщІэхэм я «Сфорцандо» дунейпсо зэпеуэм и лауреат хъуащ Наку Ланэ.

ГъуазджэхэмкІэ сабий школым и гъэсэнхэр гъэ къэс я зэфІэкІ щоплъыж КъБР-м и щыхуэз артист, щІэныгъэлІуэрыпІуэтэдж Къардэнгъуэщ Зырамыку и фэепІуэ къызэрагъэпэщ «Си Хэку - си уэрэд» адыгэ уэрэдыжьхэм я фестивальм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и композиторхэмрэ усакІуэхэмрэ къыщыдгъэлъэуа махуэхэм ирихьэлІэу концертхэр ирагъэкІуэкІ.

Къыжьыдалъхьэщ, Гъуазджэхэмкіэ сабий школым и къудамэ Акъбаш Илщэм зэрыщылажьэр. Абы щыхуэз Іэмэпсымэхэм щыхуагъасэ. Музыкэ къудамэм и унафэщІ Къуэдзокъуэ Валентинэ и нэІэм щІэт ныбжьыщІэхэр школ олимпиадэхэм зэпымыууэ пашэ щохъу.

БЖЬЫХЪЭЛІ Розэ.

«Кинокавказ» фестивалыр къызэІуах

Нобэ щыщІэдзауэ Налшык щыізэхэтынуц «Кинокавказ-2024» IV Кавказ Ищхъэрэ щІалэгъуалэ кинофестиваль. «Кинокавказ» фестивалыр УФ-м Щэнхабзэмкіэ министерствэм щрегъэкІуэкІ ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым. Гупыж зыщІ псори абы фыхэтыну фрагъэблагъэ.

КИНОФЕСТИВАЛЫР псом япэу зыхуэгъэзар режиссёр ныбжьыщІэхэращ. Абыхэм я дежкІэ мы зэхуэсыр Іэмалыфщ Урысейм и кинематографист нэхъыфІхэм яБгъэдэль щІэныгъэмрэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэмрэ зыщагъэгъуэзэныжьмкІэ. Дерс зэрэІуэнухэм къыхах щІэныгъэм щІалэгъуалэм я зэфІэкІым хигъэхъуэфынущ, езыхэм я къуэхым зригъэужьыфынущ.

Фестивалым жанр зэмылІуужьыгъуэхэм щыщу фильм 50-м нэблагъэ щагъэлъэгъуэнущ, анимацэ, документхэр зи лъабжьэ фильмхэр, социальнэ видеороликхэр, художественнэ фильм кІэщІхэр жыпІэмэ.

Зэхыхьэм и продюсер Челикин Артём зэрыжиІэмкІэ, фестивалым къекІуэлІэнухэм махуищым къриубыдэу зыщагъэзгъуэзэнущ кино зэрытрахымрэ ар къызэрыдагъэкІымрэ. КинематографщІэрыІуэхэм чэнджэщ иратынущ мы Іуэхум дихьэхэхэмрэ а Іэщіагъэм ужьджэхэмрэ. «Красный квадрат» Іуэхущіапіэм и унафэщІым и чэнджэщагъу Щелгорцов Михаил итынущ «Работа с крупными негосударственными инвесторами и продюсерскими компаниями» дерсыр. Абы пищынущ УФ-м и Кинематографистхэм я Зэгухьэныгъэм и ЩІалэгъуалэ центрым фестивалхэмкІэ и унафэщІ Симухин Антон.

ВГИК-м и къудамэм и унафэщІ, доцент Калинин Виталий итынущ «Как определить потенциал будущей короткометражки. Практический подход» мастер-классыр. Фестивалым хэтхэр ІущІэнущ УФ-м и цыхьэ артист, театрымрэ киномрэ я актёр, егъэджакІуэ Чернов Юрэ, актёр, кинорежиссёр, сценарист, композитор, продюсер, музыкант, тхакІуэ, усакІуэ Быков Юрэ, «Испытание аулом» фильмыр тезыха продюсер Найманов Магомет-Алийрэ фильмым и режиссёр, актёр Іэзэгъэмкіэ егъэджакІуэ Хъупсырджэн Зурабрэ.

Фестивалым и программэр зэхуащІыжынущ «Новый вектор российской киноиндустрии. Северный Кавказ» зэІуащІэмкІэ. Ар иригъэкІуэкІынущ продюсер центрым и унафэщІ, щІыналъэхэм я кинематографхэм я «Новый вектор» зэхуэсым и унафэщІ Якунин Дмитрий.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Я гъуэгуанэхэр яхъуэж

Налшык и автовокзал №2-р здэщыта щІыпІэм деж къалэ жыг хадэ щыкІу щыгъэтІысыным ехьэлІа лэжьыгъэхэм щІадзэ. Накъыгъэм и 14-м щегъэжьауэ щэкІуэгъуэм и 1 пщІондэ ахэр щекІуэкІынущ Осетинскэ, Ахъуэхъумрэ Пащіэмрэ я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэр къиубыдэу.

АБы къыхэкІыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым Транспортымрэ гъэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм республикэм щыпсэуэмрэ хъыджэхэмрэ хъыбар яригъащІэ а лэжьыгъэхэр зэфІэкІыху автовокзалым къытехьэ-текІыж автотранспортхэр зэрызэкІуэну гъуэгуанэхэм зэхъуэкІынымгъэ зэрагъэутынур.

Бахъсэн къалэм, Бахъсэн щІыналъэм къикІ транспортхэр мыпхуэдэ уэрамхэр зэрыпаупщІурэ вокзалыжьым къытехьэнущ: Мэлбахъуэм - Кировым - Ахъуэхъум я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэр - Осетинскэм - Мэлбахъуэм и цІэр зезыхьэр. ЦІыхуэхэр автотранспортым щІтІысхьэнури къыщыкІынури Осетинскэ уэрамымкІэщ - «Танк - Т34»-м и фэепІыр эдэщыт лъэныкъуэмкІэщ.

Шэджэм щІыналъэм къикІ автотранспортхэр вокзалыжьыр здэщыта щІыпІэм деж къэкІуэлІэнущ Мэлбахъуэм - Осетинскэм - Ахъуэхъум - Кировым - Мэлбахъуэм я уэрамхэм тету. ЦІыхуэхэр абыхэм щІтІысхьэнури къыщыкІыжынури «Танк-Т34»-м и фэепІым и гупэм дежщ.

Аруан, Лэскэн, Шэрэдж районхэм къикІхэр Осетинскэм - Ахъуэхъум - Кировым - Стеблинскэм - Мэлбахъуэм я уэрамхэрэ зэрызэкІуэнур. ЦІыхуэхэр транспортым къыщыкІынур «Поиск» тыкуэным здэщыт лъэныкъуэмкІэщ, щІтІысхьэнуэрэ «Поиск» тыкуэным и гупэм дежщ.

УпщІэ зиІэхэр фыслъэпэ хъынущ КъБР-м Транспортымрэ гъэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм и хэщІапІэм, телефоныр - (866-2) 77-83-05.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Хьэщыкъуей Руслан и дыщэ медалыр

«Тенджыз Фыыціэм и бгырыпх» фІэщыгъэр зэрихьэу зауэ спорт гъуазджэмкІэ сабийхэм я урысейпсо фестиваль тхэкІвондомкІэ (ВТФ - Олимп джэгуэхэм хьыхьмкІэ) Краснодар крайм и Анапэ къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ. Ар ирагъэхьэлат Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 79-рэ зэрырикъуэ икІи абы щыізэхуэсащ къаралым и щІыналъэхэм я спортсмен ныбжьыщІэу 300-м щІигъу, 2011 - 2015 гъэхэм къалъхуауэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэм хэту зэпеуэм щызэуащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Хьэщыкъуей Руслан икІи абы япэ replace ІуэрыІэкІащ. Килограмм 37-рэ си хьэлъагъэм я дежь зыкъыщызыгъэльагъуэ ныбжьыщІэм зэІущІиц ирагъэкІуэкІати, ухаха зэманкэр и кІэм нимыгъэсу псомэ щытекІуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэм гуп зэпеуэм етІуанэ replace щыубыдащ. Псори зэхэту медаль 33-рэ къахьащ республикэм икІахэм, абы щыщу 15-р дыщэу, 10-р дыжьыну, 8-р домбеякъыу.

Къыхэдгъэщынщи, иужьрейуэ Руслан зыхэта зэхьэзэхуиблэм щыщу 8-м медаль зэхуэмыдэхэр къыщыкъащ. Абы и тренерхэр Унэжокъуэ Абдельджэбаррэ Бозиев Муслимрэщ.

Иджы екІуэкІа зэІущІэр къызэрыгъэпэщащ Урысей Федерацэм зэзэуэ зыхэт спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ и федерацэм.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

● Махуэгъэпс

Дунейм и щытыкІэнур

КлиматкІэ йоджэ щІыпІэ гуэрым дунейм и щытыкІэу къыщыкІуэкІым е, нэгъуэщІу жыпІэмэ, уэрэд щІымрэ я зэблэхъуэкІэу илъэсым и кІуэцІкІэ дызыІуплъэр зыхуэдэм.

НАКЪЫГЪЭМ и 15-р Климатым и махуэщ. Ар ягъэлъапІэ экологие щынагъуэнщагъэр къызэрызэпэщыным (щІыіэпсым лей къытемыгъэхьэным) телажь къэпщытакІуэхэм, дыкъэзыуухьуреихь дунейм и щытыкІэм кІэлъыплъ Іуэхущіапіэхэм я ІэщіагъэлІхэм, щІэныгъэлІхэм, нэгъуэщІхэми.

Дунейм и зэблэхъуэкІэу гъэм и кІыхьагъэкІ къыщыкІуэкІым зыдезыгъэкІуэ а щІыпІэм щыпсэу щІыхуэм я закъуэкъым, атІэ абдежьи зи хэщІапІэ псэущхьэхэми, къуалэбзуэхэми, гъуэз-бадзэхэми, уеблэмэ къэкІыгъэхэми зыдащІын хуей мэхъу. Арагъэнущ, псэ зыІут псоми (къэкІыгъэхэри ядэщІыгъуу) зыхащІэу, язныкъуэхэм дежи къатехьэлъэу щыщІадзэр уэмрэ щІымрэ я зэблэхъуэкІэу дызэсэжьам дызыпэмыплъа зэхъуэкІныгъэ дызыхуэмейхэр къыщыкІыхьэм деж. АтІэми, ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ «зэщымыщхъуныгъэхэр» иужьрей илъэс пщІы бжыгъэхэм къыщыунэхурейщ ЩІы Хьурейм и щІыпІэ зэхуэмыдзэхэм. Ахэр, шэч хэмыльу, ди планетэм и къэкІуэнум хуэмыщхьэпэн, дэри дызыхуэмей зэхъуэкІныгъэ «мыфэмыцхэр» къэзышІэ.

Дунейр зэрызэпІэзэрыстем елъытащ къэралхэр ерыскъыжкІкІэ къызэрызэгъэпэщари, цІыхуэхэм яІэ псэтынымыгъуэр зыхуэдэри, я мыпкум темыгъэзвыхьыныкІи ар щэсипІэщ.

ЩІыгур, дызэрыбауэ хьэуар кІуэ пэтми къызэрызэщІэпльэм уэгъуэхэр, псыдзэхэр, нэгъуэщІ тхьэмыщІагъэхэр къашэ, хы щхьэфэр къегъэуэкъубейри псыІур къегъэІэпхъуэ, ищхьэрэ, ипщэ жьжьэхэм илъэс мин бжыгъэкІэрэ щызэтрища мыл «джей» абрагъуэхэр ягъэткІу. Апхуэдэуи ди планетэм дежкІэ хуабжьу шынагъуэщ къыщІыхьэщІыт уэгум гъуэз щхъухьэзехьэхэр зэрыщызэтрихьэри.

Зи гугъу тщІыхэр зэрыхэпльэгъуэм экологэм, щІэныгъэлІхэм я мызакъуэу, щІыхь къызэрыгъэкІэри щхьэхт техъуэ зэпытщ. ИкІи, а псоми, Іуэхум ириплейтей къудейкІэ зэрызэфІэмыкІынур къагурыІуэри, къызэдыхалъхьащ Климатым и дунейпсо махуэ зыфІащэ Іуэхущіуэхэр ебгъэкъуэсэлІ. Ар щІыпІэ Іуэхущіуэхэр ебгъэкъуэсэлІ, щІэныгъэлІхэм я унафэщІ Дугоев Эльдар дызэрыщыгъэгъуэзамкІэ, фондым зэгурыІуэныгъэ ирищІылІауэ ди республикэм и адрей псапащІэ зэгухьэныгъэхэми ядолажьэ. Абы-хэм ящыщщ «Волонтёры медики» фІэщыгъэм щІэт урысейпсо зэщІэхъееныгъэм и къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр. Ар Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ колледжым ещІэлажьэ, и унафэщІыр Къущхьэ Залинэщ.

Зи гугъу тщІы фондым иджыблагъэ зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы зэрылажьэ зэманым яГъэзэщІа къалэнхэр къыщапцІытэжащ, дляпэкІэ зэлъажьынуэри щабдзыкуащ. Апхуэдэу унафэщІым псалъэ гуапэкІэ зауэхигъэзащ икІи щытхъу тхылъхэр яритащ я япэ лъэбакъуэхэр къадзэшІыгъа икІи къадзэпыкъуа волонтёрхэм. ФІыкІэ зи цІэ криІуэхэм яхэтщ зи гугъу тщІа «Волонтёры медики» щІынальэ къудамэмрэ «Рука помощи» - Хьэту» псапащІэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Хьэту Астемырэ.

УРЫІУ Астемырокъуэ.

Мэзкуу къапоплъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ МВД-м щыізэхалъхьэжащ «Полицейский дядя Стёпа» сабий творчествэмкІэ урысейпсо зэпеуэм и щыналъэ Іыхьэм къриІуэхэр.

КъБР-м щыІэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и лІыкІуэкэр хэту зэхьэзэхуэр ирагъэкІуэкІащ я ныбжьыкІэ гупищу гуэшауэ: илъэси 6 - 8; 9 - 11; 12 - 14 хьуэхэр.

Сабийхэм пластилин, лэч, пхъэрэ картонрэ къагъэсэбэпу ягъэхьэзыращ хабзэхъуэмэхэм я лэжьыгъэм теухуа Іэдакъэщ Іэкіхэр.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министру КъБР-м щыІэм и къуэдзэ, полицэм и полковник Бахъуэ Аслъэн зи тхьэмадэ, я Іуэхущіапіэм дэлажьэ Жылагъуэ советым и секретарь Шкіэжь Ирэнэ, республикэ ОВД-м и ветеранхэм я щІыналъэ Іуэхущіапіэм и унафэщІ Пыхъ МуІэед, министерствэм и лэжьакІуэхэр зыхэт жюрим лэжьыгъэ нэхъыфІхэр кІыхьихащ.

Илъэси 6 - 8 хьуэхэм я дежь бжьыпІэр щыубыдащ Налшык къалэ дэт прогимназие №34-м щеджэ Атэбий Денис.

Илъэси 9 - 11, илъэс 12 - 14 хьу гупхэм я дежь щытекІуахэщ Атмурзаевэ Камилэ (илъэси 9, «СОШ №7», Налшык къ.) Бозиевэ Малика (илъэс 12, Чеченов Ш. Ш. и цІэр зезыхьэ курыт еджапІэ, Къащьхэтау).

Республикэ зэпеуэм щытекІуахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІэкІэ хэтынущ Мэзкуу къалэм щекІуэкІыну кІэух зэхьэзэхуэм.

БАХЪСЭН Ланэ.

Псапащ Іэхэм я зэфІэкІыр

«Помощь ближнему» фІэщыгъэм щІэт Къэбэрдей-Балъкъэр псапащІэ фондыр къызэрызэрагъэпэщрэ куэд щІакъым, ауэ ар зэрылэжьа зэман мащІэми емылытауэ, зыхуэзфІэмыкІ щІыху куэдым ядэІэпыкъуну хунэсащ.

ЛЪЭНЫКЪУЭ зыбжанэкІэ гуэшауэ лажьэ фондым (социальнэ, псэупІэ, ерыскъыхэкІхэр, экологие, медицинэ) и кІалэн нэхъыщІхьэр ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъ, гугъуехь пэщІэхуа щІыхуэм защІэгъэкъуэнырщ. Зэгухьэныгъэм и унафэщІ Дугоев Эльдар дызэрыщыгъэгъуэзамкІэ, фондым зэгурыІуэныгъэ ирищІылІауэ ди республикэм и адрей псапащІэ зэгухьэныгъэхэми ядолажьэ. Абы-хэм ящыщщ «Волонтёры медики» фІэщыгъэм щІэт урысейпсо зэщІэхъееныгъэм и

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖЬэкІэмыкъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, Щхьэщэмыщ Иэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ядэлажьэныкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущіапіэм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.556
Заказыр №989

12+

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм зэхуэсу яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ.**

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр пщэдей къыдэкІынущ.